

## Premye Jen 2016

Chè kliyan/pasyan:

Mèsi ankò paske w chwazi Care Resource pou ede w ap bezwen medikal, dantal, sosyal ou yo. Objektif lèt sa se enfòmasyon w epi prepare w anka yon emèjensi, dezaz natirèl tankou siklòn.

Care Resource toujou ap travay pou l prepare l pi byen pou fè fas a tout emèjensi, dezaz natirèl pou l ka kontinye ba w swen san rete. Nap prepare nou pou n sèvi kominote a anka kenpòt emèjensi, dezaz natirèl.

Pou nou ka asire yon emèjensi, dezaz natirèl pa gen move enpak sou swen medikal, dantal ak sosyal ou yo, ou ta dwe pran prekosyon sila yo pou prepare tèt ou:

- Asire ou gen yon preskripsyon ak lòt dokiman medikal enpòtan, tankou kat asirans ou, enfòmasyon medikal ou
- Asire enfòmasyon w nan Care Resource kòrèk, tankou kontak pou emèjensi.
- Anka emèjensi, chache swen medikal nan on lopital ki tou pre w oubyen rele 911. Fè doktè w nan Care Resource konnen si w te ospitalize.
- Kontakte kesmanadjè ou ak lot anplwaye sou w gen bezwen sèvis sosyal.
- Anka on siklòn oubyen on lòt dezaz natirèl, rele Care Resource nan (305) 576 1234 pou w jwenn enfòmasyon sou ofis la ak sou zafè emèjensi.
- Si yon evenman rive sanzatan epi ou bezwen asistans epi ou pa ka kontakte ofis la, silvoulè itilize enfòmasyon wap jwenn anndan lèt sa, pa ekzanp nimewo pou emèjensi.
- Swiv tout prekosyon ofisyèl yo mande w epi enfòmasyon FEMA bay. FEMA se ajans federal ki okipe de zafè emèjensi.

Sonje preparasyon se kle pou fè fas a yon emèjensi, silvoulè, pran prekosyon.

Sensèman,  
Ekip Care Resource la

**Miami Office**  
3510 Biscayne Blvd.  
Miami, FL 33137  
T: 305.576.1234 • F: 305.571.2020

**Broward Office**  
871 W. Oakland Park Blvd.  
Ft. Lauderdale, FL 33311  
T: 954.567.7141 • F: 954.565.5624

**Little Havana Office**  
1901 SW 1st St., 3rd Floor  
Miami, FL 33135  
T: 305.203.5230 • F: 305.203.5231

**Miami Beach Office**  
1701 Meridian Ave., Suite 400  
Miami Beach, FL 33139  
T: 305.673.3555 • F: 305.673.1960

[www.carerresource.org](http://www.carerresource.org)




## Atik yo Rekòmande Pou Mete nan yon Twous Pou Ijans de Baz:

- Dlo** yon galon pa jou, pou bwè ak fè swen ijyèn
- Manje** ase manje ki pap gate fasil pou omwen twa jou
- Radyo ki mache ak ak pil** avèk **pil de rezèv**
- Flach** avèk **pil de rezèv**
- Twous premye sekou**
- Souflèt** pou siyale si ou bezwen sekou
- Mask ki filtre** oubyen mayo ki fè ak koton, pou ede filtre lè a
- Ti sèvyèt** mouye pou swen ijyèn
- Kle oubyen pens** pou fèmen sèvis piblik yo
- Aparèy pou ouvri bwat alamen** pou manje ( si twous la genyen manje an bwat )
- Kouvèti an plastik ak adezif** pou pran refi-sou-plas
- Sak poubèl ak fisèl an plastik** pou swen ijyèn pèsònèl
- Bezwen sèl fanmi a genyen,** tankou medikaman ou ka jwenn sou preskripsyon, fòmila lèt pou tibebe oubyen kouchèt, ak dokiman enpòtan fanmi an

Kad ak bon sans sa a te kreye pou lanse yon demach pou preparasyon sitwayen. Pou enfòmasyon ak rekòmandasyon pi resan, ale ou entènèt nan [www.ready.gov](http://www.ready.gov).

Distributed in partnership with:



**Preparasyon  
Fè Sans.  
Prepare ou  
Kounye a.**



**FEMA**



**FEMA**

[www.ready.gov](http://www.ready.gov)

# Preparasyon Fè Sans.

Chans ke ou menm ak fanmi ou pral siviv yon dife nan kay pral depann sou si ou genyen yon detektè lafimen ak yon strateji pou sòti, menm jan li pral depann sou yon depatman ponpye ki fòme. Se menm verite a pou moun ki siviv yon atak teworis oubyen lòt ijans. Nou dwe genyen zouti ak plan yo an plas pou debouye nou poukont nou, omwen pou yon peryòd de tan, kèlkeswa kote nou ye pandan yon dezaz. Menm jan ak lòt ou genyen yon detektè lafimen, li fè sans pou prepare pou sa nou pa atann.

## Prepare ou kounyea a.

# 1 Prepare Yon Twous ak Atik pou Ijans.

Prepare ou pou enpwovize ak itilize sa ou genyen nan men ou pou ou debouye ou poukont ou pandan **omwen twa jou**, petèt plis. Pandan genyen anpil bagay ki kapab fè ou pi konfòtab, premye bagay pou ou panse se dlo dous, manje ak lòt ki pwòp.

**Konsidere de twous.** Nan youn, mete tout sa ou pral bezwen pou rete kote ou ye a ak debouye ou poukont ou. Lòt la dwe yon vèsyon ki lejè, pi piti ke ou kapab pote nan men ou si ou bezwen pati.

Ou ap bezwen yon galon **dlo** pou chak moun pa jou pou bwè ak fè swen ijyèn. Nan twous yo mete ase manje pou twa jou ki pap gate fasil ak **manje** ki fasil pou mete nan rezèv tankou ba pwoteyin, fwi sèch oubyen manje nan bwat. Si ou abite nan yon klima ki fè fwèt anpil, mete **rad ki kenbe chalè** ak yon sak pou dòmi pou chak moun nan fanmi a.

Kèk atak ki kapab teworis gendwa voye ti “bagay” mikroskopik nan lòt a. Anpil nan materyèl sa yo kapab fè ou mal sèlman si yo antre nan kò ou, donk panse kreye yon baryè ant ou menm ak nenpòt kontaminasyon. Li ap bon pou chak moun nan fanmi an genyen yon bagay pou kouvri **bouch ak nen yo**, tankou mayo ak koton ki genyen plizyè kouch, mouchwa oubyen sèvyèt oubyen **mask pou fliktre**, ki disponibfasil nan kenkayri. Li trè enpòtan ke mask la ak lòt materyèl yo ap pase nan figi ou byen pou pifò lòt ou ap respire a pase nan mask la, pa arebò li. Fè tout sa ou kapab pou yo mezire timoun yo byen.

Epitou mete **adezif ak gwo sak poubèl oubyen fabrik an plastikki** kapab itilize pou bouche fenèt ak pòt yo si ou bezwen kreye yon baryè ant oumenm ak nenpòt sa ki kapab kontaminasyon ki sòti deyò.

# 2

## Fè yon Plan

Pou Sa Ou Pral Fè Pandan Yon Ijans.

Planifye davans kisa ou pral fè pandan yon ijans. Prepare ou pou evalye sityasyon a. Itilize bon sans ou ak nenpòt sa ou genyen nan men ou pou pran swen tèt ou ak moun ki chèche a ou yo.

**Devlope yon Plan Kominikasyon Fanmi** Fanmi oukapab pa ansanm lè yon dezaz frappe, alò planifye kòman youn pral antre an kontak ak lòt epi revize kisa nou pral fè nan diferan sityasyon. **Konsidere yon plan kote chak manm nan fanmi an rele oubyen imèl menm zanmi oubyen fanmi a an ka ta genyen yon dezaz.** Li kapab pi fasil pou fè yon apèl long distans pase nan zòn ou ye a, donk yon **kontak andeyò vil la** kapabnan yon pi bon pozisyon pou kominike ak manm nan fanmi an fki separe yo. Rasire ou ke chak moun konnen nimewo telefòn nnan epi li genyen monnen an pyès oubyen kat telefòn pou rele kontak ijans la. Ou kapab genyen difikilte pou antre an kontak, oubyen sistèm telefòn nan gendwa tonbe nè, men pran pasyans.

Selon sikontans ou ak nati atak la, premye desizyon enpòtan an se si fanmi ou rete an plas oubyen pati. Ou dwe konprann ak planifye tou de posibilite yo. itilize bon sans ou ak enfòmasyon w ap aprann yo la pou detèmine si genyen gwo danje. **Gade televizyon oubyen koute radyo pou enstriksyon ofisyèl pandan yo vin disponib.**

**Kreye yon Plan pou Refij-sou-Plas.** Genyen sikontans kote lòt ou rete an plas ak kreye yon baryè ant ou menm ak lòt ki kapab kontamine nan lòt deyò a, yon demach yorele pran-refij-an-plas ak bouche chanm nan kapab yon fason pou siviv. **Si ou wè anpil debri nan lòt a, oubyen si otorite lokal yo di ke lòt a kontamine anpil, ou kapab vle pran refij-sou-plas epi bouche chanm nan. Konside koupe materyèl an plastik davans pou bouche fenèt, pòt ak kote lòt pase.** Chak moso dwe plizyè pous pi gran pase espas ou vle kouvri a pou ou kapab tepe li ak adezif plat kont mi a. Ekri non kote li ap bon an sou chak moso.

Itilize tout enfòmasyon ki disponib pou evalye sityasyon a. Si ou wè anpil debri nan lòt a, oubyen si otorite lokal yo di ke lòt a kontamine anpil, ou kapab vle pran refij-sou-plas. Kouri fèfanmi ak bèt domestik ou yo antre anndan, lòk pòt yo, fèmèn fenèt yo, ak kote lòt pase yo, ak kote pou kontwole chemine a. Kouri fèmèn klimatizè, sistèm lòt chofaj vantilatè ak chofaj rad. Pranatik pou ijans ou yo epi ale nan chanm ou te chwazi a. Bouche tout fenèt, pòt ak kote lòt pase yo. Konprannke bouche chanm nan se yon mezi tanporè pou kreye yon baryè ant ou menm ak lòt kontamine a. Gade televizyon, koute radyo oubyen tcheke sou Entènèt pou Enstriksyon.

**Kreye yon Plan pou Pati.** Planifye davans kijan ou pral rasanble fanmi ou ak antisipe kote nou prale. **Chwazi diferan kote nan diferan direksyon** pou ou kapab genyen chwa pandan yon ijans.

Si ou genyen yon machin, toujou kenbe omwen yon tank gaz ladan li. **Familyarize ou ak diferan wout yo ak lòt mwayeran transpòtasyon** andeyò de zòn ou a. Si ou pa genyen yon machin, planfyè kijan ou pral fè pati si se nesese. **Pran twous ak atik pou ijans ou a**, amwenske ou genyen yon rezon pou panse ke li kontamine, epi lòk pòt la dèyè ou. Pran bèt domestik ou yo avèk ou si yo mande pou ou evakye, sepandan, si ou pran nan yon abri piblik, konsidere ke yo gendwa pap kite yo antre. Si ou panse ke lòt a kontamine, fèmèn fenèt ou yo ak kote lòt pase yo ep kite klimatizè ak chofaj yo etenn. Koute radyo pou enstriksyon.

**Konnen Plan Ijans Nan Lekòl ak Nan Travay.** Yo Panse a kote fanmi ou pase tan: lekòl, travay ak lòt kote fanmi ou frekante. **Pale ak lekòl timoun ou yo ak anplwayè ou sou plan ijans.** Chèche konnen kòman yo pral kominike ak fanmi pandan yon ijans. Si ou se yon anplwayè se pou ou genyen yon plan pou preparasyon ijans. Revize ak pratike li ak anplwaye ou yo. Yon kominote ki travay ansanm pandan yon ijans fè sans sou. **Pale ak vwazen ou yo sou kijan nou ka travay ansanm.**

# 3 Rete Enfòmè

## Sou Sa Ki Kapab Pase.

Kèkbagay ou kapab fè pou prepare pou yon bagay ou pat atann tankou prepare yon twous ak atik avèk devlope yon plan kominikasyon fanmi, se menm bagay la pou ni yon ijans natirèl, ni yon ijans lèzòm kreye. Sepandan genyen anpil gwo diferans pami menas teworis potansyèl yo, tankou biyolojik, chimik, explosif, niklè ak radyolojik, ki pral genyen enpak sou desizyon ak aksyon ou pran. Lè ou kòmanse fè demach pou aprann sou menas yo an patiki-lye, ou ap **prepare tèt ou** pou reyaji pandan yon ijans. Ale sou **www.ready.gov** pou aprann plis sou menas teworis potansyèl yo ak lòt ijans oubyen rele 1-800-BE-READY (1-800-237-3239) pou yon feyè gratis.

**Prepare** ou pou adapte enfòmasyon sa yo a sikontans pèsònèl ou epi fèt tout efò pou swiv enstriksyon yo ou resevwa nan men otorite yo sou plas. Avèk preparasyon senp sa yo, ou kapab pare pou sa ou pat atann.

**Prepare ou kounye a.**

# 4 Patisipe

## Nan Preparasyon Kominote ou.

Lè ou fin prepare tèt ou ak fanmi ou pou ijans posib, pran lòt etap la epi patisipe nan preparasyon kominote ou. Fè pati **Citizen Corps**, ki ap travay anpil ak sitwayen yo pou fè kominote nou yo ak peyi nou genyen plis sekirite, plis fòs ak pi byen prepare. Nou tout genyen yon wòl pou jwe nan kenbe vil nou an sekirite kont tout kalite ijans. Citizen Corps travay di pou ede moun prepare, pran fòmasyon ak fè travay vonlontè nan kominote yo. Ale sou **www.citizencorps.gov** pou plis enfòmasyon ak pou patisipe.

# 3 Enfòmè Ou

Sou Sa ki Ta Kapab Pase.

Kèk bagay ou kapab fè pou prepare pou sityasyon ki pa prevwa, tankou rasanble twous pwovizyon pou ijans epi fè yon plan-dijans se menm bagay la kèlkeswa kalite ijans lan. Men, li enpòtan pou toujou chèche enfòmasyon sou sa ki ta kapab pase epitou pou ou konnen ki kalite ijans ki kapab afekte rejyon ou. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kalite espesifik ijans yo, ale nan sit wèb [www.ready.gov](http://www.ready.gov).

Prepare ou pou adapte enfòmasyon sa yo nan sikonstans pèsònèl ou epitou fè tout efò pou swiv enstwiksyon otorite yo te ba ou sou sèn lan. Apre tout bagay, rete kalm, pran pasyans epi reflechi anvan ou ajì. Avèk preparasyon senp sa yo, ou kapab pare pou sityasyon ki pa prevwa.

## Preparasyon Fè Sans pou Moun ki Andikape epi ki Gen Bezwen Espesyal. Prepare ou Kounye a.

Se US Department of Homeland Security ki te prepare enfòmasyon sa yo nan tèt ansanm avèk AARP, American Red Cross ak òganizasyon Nasyonal pou Moun Andikape.



## Preparasyon Fè Sans pou Ameriken Aje yo. Prepare ou Kounye a.



## Preparasyon Fè Sans pou Ameriken Aje yo. Prepare ou Kounye a.

Souvan chans ke ou menm ak fanmi pral genyen pou retabli de yon ijans demen depann sou planifikasyon ak preparasyon ou fè jodi a. Pandan ke kapasite ak bezwen chak moun diferan, chak grenn moun kapab pran etap pou prepare pou tout kalite ijans soti nan dife ak inondasyon rive nan atak teworis. Lè ou evalye pwòp bezwen pèsònèl ou ak fè yon plan ijans ki apwopriye pou bezwen sa yo, ou menm ak moun ki chè a ou yo ap pi byen prepare. Gid sa a souliye mezi ki genyen bon sans ke Ameriken aje yo kapab pran pou kòmanse pou prepare pou ijans avan yo rive. Preparasyon fè sans pou Ameriken aje yo.

## Prepare ou Kounye a.



# 1 Jwenn yon Twous

Pwovizyon pou Ijans.

Premye etap la se konsidere kijan yon ijans ta kapab afekte bezwen endividyèl ou yo. Planifye pou fè li poukont ou, pandan omwen twa (3) jou. Li posib pou w pa jwenn aksè nan yon sant medikal oswa menm nan yon famasi. Li enpòtan pou oumenm ak fanmi ou reflechi sou ki kalite resous ou itilize chak jou ak sa ou ta kapab fè si resous sa yo limite oswa si yo pa disponib.

**Pwovizyon Debaz:** Reflechi dabò sou pwovizyon debaz pou sivi – manje, dlo, lè pwòp, ak nenpòt atik ou bezwen ki sipòte lavi ou. Konsidere de (2) twous: Nan yon twous mete tout atik w ap bezwen pou rete kote ou ye a epitou fè li poukont ou pou yon peryòd tan. Lòt twous la ta dwe yon vèsyon lejè ki pi piti, pou w kapab pote li avèk ou si ou dwe kite lakay ou. Pami twous pwovizyon pou ijans ki rekòmande, genyen:

- ▶ Dlo, yon galon dlo pou chak moun pa jou pandan omwen twa jou, pou bwè ak pou esterilizasyon
- ▶ Manje, omwen yon pwovizyon twa (3) jou manje ki p ap gate ak yon kle pou louvri bwat si twous la genyen bwat manje konsèrv.
- ▶ Radyo ki fonksyone ak pil oswa radyo ki fonksyone avèk manivèl ak yon Radyo Metewolojik NOAA ki genyen avètisman an tonalite ak pi siplemantè pou toulède
- ▶ Flach ak pil siplemantè
- ▶ Twous premye swen
- ▶ Siflè pou siyale pou mande èd
- ▶ Mask anti-pousyè, pou ede filtre lè kontamine ak bach an plastik ak adeziv an twal pou pran refij anplas
- ▶ Lenjèt imid pou rense dwèt, sache fatra ak atach plastik pou ijyèn pèsònèl
- ▶ Kle ajistab oswa pens pou fèmèn sèvis bibliik
- ▶ Kat jeyografik lokal
- ▶ Manje bèt kay, dlo siplemantè ak pwovizyon pou bèt kay ou oswa bèt gid ou



**Mete Medikaman ak Atik Medikal:** Si ou pran medikaman oubyen itilize yon tretman medikal chak jou, asire ou ke ou genyen sa ou bezwen nan men ou pou ou debouye ou poukont ou pou omwen yon semèn. Epi tou ou dwe kenbe yon kopi preskripsyon ou yo ak doz oubyen enfòmasyon sou tretman tou. Si li pa posib pou ou genyen ase medikaman ak atik pou yon semèn, kenbe kantite posib nan men ou epi mande famasyen ak doktè ou kisa ou kapab fè ankò pou prepare.

Si ou sipoze al pran tretman regilyèman nan yon klinik oubyen lopital oubyen si ou resefwa sèvis regilyèman tankou swen sante lakay ou, tretman oubyen transpòtasyon, pale ak founisè sèvis ou a sou plan ijans li yo. Travay ak yo pou idantifye lòt founisè sèvis nan zòn ou a ak zòn ou kapab al evakye yo pou sekou. Si ou itilize yon ekipman medikal lakay ou ki bezwen kouran pou opere, pale ak founisè swen sante ou sou kisa ou kapab fè pou prepare pou itilize li pandan yon blakawout.

**Bagay an Plis:** An plis, kapab genyen lòt bagay ki patikilye a bezwen pèsònèl ke ou dwe genyen nan men ou. Si ou pote vè, aparèy pou ede tandè ak bateri pou aparèy pou tandè, bateri pou chèz wouland, ak oksijèn, asire ou ke ou toujou genyen rezèv lakay ou. Epi toujou mete kopi asirans medikal ou, kat Medicare ak Medicaid ou yo pare.

**Mete Dokiman Ijans:** Mete kopi dokiman enpòtan nan twous atik pou ijans ou an tankou dosye fanmi, testaman, dokiman pwokirasyon, ti, nimewo sekirite sosyal, enfòmasyon kat kredi ak bank, ak dosye taks. Li ap pi bon si ou mete dokiman sa yon anndan yon bagay dlo pap ka mouye. mete non ak nimewo tout moun ki nan rezo soutyen pèsònèl ou, ak founisè swen sante ou yo tou. Epi tou asire ou ke ou genyen lajan kach oubyen chèk pou vwayaj nan twous ou yo an ka ke ou bezwen achte atik.

## 2 Fè yon Plan

Pou Sa W ap Fè nan yon Ijans.

Reyalite yon sitiyasyon dezase se ke genyen anpil chans ke ou pa pral genyen aksè a bagay ou jwenn chak jou pou konfò ou yo. Pou planifye davans, panse a tout detay nan lavi kotidyen ou. Si genyen moun ki ede ou chak jou, fè yon lis ak non yo, ak kijan ou pral kontakte yo pandan yon ijans. Krewe pwòp rezo soutyen pèsònèl ou lè ou idantifye lòt moun ki pral ede ou pandan yon ijans. Panse a ki mwayen transpòtasyon ou pral itilize ak yon mwayen altènatif ou kapab itilize kòm sekou. Si ou bezwen transpòtasyon aksesib a moun ki andikape asire ou ke altènatif yo aksesib tou. Pou tout aspè nan sa ou fè chak jou nan vi ou, planifye yon pwosedi altènatif. Fè yon plan epi ekri li. Kenbe yon kopi plan ou an nan twous atik pou ijans ou an ak yon lis enfòmasyon ak kontak enpòtan nan bous ou. Pataje plan ou an ak fanmi, zanm, founisè swen ak lòt moun ki nan rezo soutyen pèsònèl ou.

**Krewe yon Rezo Soutyen Pèsònèl:** Si ou antisipe ke ou pral bezwen asistans pandan yon dezase, fè yon lis fanmi, zanmi ak lòt ou ki pral fè pati plan ou an. Pale ak moun sa yo epi mande yo pou yo fè pati rezo soutyen pèsònèl ou. Pataje tout aspè plan ijans ou an ak tout moun ki nan gwoup ou an, tankou zanmi oubyen fanmi ki nan lòt zòn ke menm ijans la pat ap genyen enpak sou yo ki ka ede ou si nesèsè. Asire ou ke tout moun konnen kijan ou gen plan evakye kay ou oubyen travay ou ak kote ou prale an ka ta genyen yon ijans. Asire ou ke yon moun nan rezo soutyen pèsònèl ou an genyen yon kle kay ou ak konnen kote ou mete atik pou ijans ou yo. Pratike plan ou an ak moun yo ki dakò pou fè pati rezo soutyen pèsònèl ou an.

**Devlope yon Plan Kominikasyon Fanmi:** Fanmi ou kapab pa ansanm lè yon dezase frappe, alò planifye kòman youn pral antre an kontak ak lòt epi revize kisa nou pral fè nan diferan sitiyasyon. Konsidere yon plan kote chak manm nan fanmi an rele, oubyen imèl, menm zanmi oubyen fanmi a an ka ta genyen yon dezase. Li kapab pi fasil pou fè yon apèl long distans pase nan zòn ou ye a, donk yon kontak andeyò vil la, ki pa nan zòn ki touche a, kapab nan yon pi bon pozisyon pou kominike ak manm nan fanmi an ki separe yo. Ou kapab genyen difikilte pou antre an kontak, oubyen sistèm telefòn nan gendwa tonbe nèt, men pran pasyans. Pou plis enfòmasyon sou fason pou devlope yon plan kominikasyon fanmi vizite [www.ready.gov](http://www.ready.gov).

**Deside si Pou Rete ou Pati:** Selon sikontans ou ak nati ijans la, premye desizyon enpòtan an se si ou rete oubyen pati. Ou dwe konprann ak planifye tou de posiblite yo. Itilize bon sans ou ak enfòmasyon ki disponib pou detèmine si genyen gwo danje. Pandan nenpòt ijans, otorite lokal yo gendwa kapab oubyen pa kapab bay enfòmasyon tou swit sou sa k ap pase a ak sa ou dwe fè. Sepandan, ou dwe swiv jounal nan televizyon oubyen radyo pou enfòmasyon oubyen enstriksyon ofisyèl pandan yo vin disponib. Si yo di ou spesifikman pou ou evakye oubyen chèche tretman medikal, fè sa imedyatman. Si ou bezwen plis tan pou vwayaje oubyen asistans ak transpòtasyon, fè aranjman sa yo davans.

**Konsidere Bèt Domestik Ou Yo:** Kit ou deside pou rete kote ou ye a pandan yon ijans oubyen evakye yon kote ki genyen plis sekirite, ou pral bezwen fè plan davans pou bèt domestik oubyen bèt ki ede moun ki genyen andikap ou yo. Sonje ke tipikman sa ki pi bon pou ou a se sa kap pi bon pou bèt ou yo tou. Si ou oblije evakye, pran bèt domestik ou yo avèk ou, si sa posib. Sepandan, si ou pral nan yonabri piblik, li enpòtan pou ou konprann ke se sèlman bèt ki ede moun ki genyen andikap yo ki ap kapab antre anndan. Planifye davans pou altènatif ki pral mache ni pou ou ni pou bèt domestik ou yo; konsidere moun ki chè a ou oubyen zanmi ki andeyò zòn ou an,abri ki akstete bèt ak doktè bèt ki pa dakò pou pran ou menm ak bèt ou yo pandan yon ijans. Pou plis enfòmasyon sou preparasyon sou bèt domestik, vizite [www.ready.gov](http://www.ready.gov).

**Rete Kote Ou Ye A:** Kit ou lakay ou oubyen yon lòt kote, kapab genyen sitiyasyon kote li jis pi bon pou ou rete kote ou ye a ak evite nenpòt ensètitud ki deyò a. Konsidere sa ou kapab fè pou pran refij-an-plas san danje poukont ou oubyen ak zanmi, fanmi oubyen vwazen. Epi tou konsidere kòman yonabri ke yo fè pou piblik la tap ka satisfè bezwen ou yo.

Kapab genyen tan kote ou pral bezwen rete kote ou ye a epi krewe yon baryè ant ou menm ak lè ki kapab kontamine deyò a. Demach sa a rele “bouche chanm nan.” itilize enfòmasyon ki disponib pou evalye sitiyasyon a. Si ou wè anpil debri nan lè a, oubyen si otorite lokal yo di ke lè a kontamine anpil, w ap vle fè sa. Pou plis enfòmasyon sou fason pou “bouche chanm nan”, vizite [www.ready.gov](http://www.ready.gov).

**Evakyasyon:** Kapab genyen kondisyon kote ou deside pati, oubyen kapab genyen sitiyasyon kote yo pase ou lòd pou pati. Planifye fason ou pral pati epi antisipe kote ou prale. Chwazi diferan kote nan diferan

direksyon pou ou kapab genyen chwa pandan yon ijans. Mande enfòmasyon sou plan evakyasyon kote ou pase tan yo tankou travay, òganizasyon kominotè ak lòt kote ou frekante. Si nòmalman ou depann sou asansè, fè yon plan sekou an ka yo pap mache.

**Sekirite Dife:** Planifye de fason pou kite chak chanm an ka ta genyen dife. Tcheke bagay tankou bibliyotèk, foto ki kole nan mi, oubyen limyè anlè a ki kapab tonbe epi bloke yon wout pou chape. Tcheke koulwa, mach eskalye, antre, fenèt ak lòt kote pou danje ki kapab anpeche ou kite yon imèb san danje pandan yon ijans. Byen ranje oubyen retire mèb ak bagay ki kapab bloke wout ou. Si genyen aspè nan preparasyon kay oubyen travay ou ke ou pap ka fè poukont ou, chèche yon moun nan rezo soutyen pèsònèl ou a pou ede ou.

**Kontakte Biwo Administrasyon Enfòmasyon Ijans Lokal ou a:** Genyen kèk biwo administrasyon ijans lokal ki kenbe non moun aje pou yo ka sitiye ak ede yo vit pandan yon dezase. Kontakte ajans administrasyon ijans lokal ou a pou wè si sèvis sa yo egziste kote ou abite a oubyen vizite [www.ready.gov](http://www.ready.gov) pou jwenn lyen a biwo gouvènman nan zòn ou a.





## Bagay An Plis Pou Konsidere Ajoute nan yon Twous Atik Pou Ijans

- Medikaman ou ka jwenn sou preskripsyon ak linèt**
- Fòmila lèt pou ti bebe ak kouchèt**
- Manje pou bèt domestik ak dlo de rezèv pou bèt domesktik ou**
- Dokiman fanmi ki enpòtan tankou kopi kontra asirans, idantifikasyon ak dosye kont labank anndan yon bagay ki pòtab epi dlo pap ka mouye**
- Lajan oubyen chèk pou vwayajè ak monnen an pyès**
- Materyèl ki bay konsèy sou ijans tankou yon liv premye swen oubyen enfòmasyon ki sou [www.ready.gov](http://www.ready.gov)**
- Sak pou dòmi oubyen yon lenn cho pou chak moun. Konsidere pran plis dra si ou abite nan yon klima kote li fè frèt anpil**
- Rad pou chanje konplè avèk yon chemiz manch long, pantalon long ak soulye ki solid. Konsidere pran plis rad si ou abite nan yon klima kote li fè frèt anpil**
- Klowòks moun itilize nan kay ak kont-gout medikaman** – Lè ou te delye nèf pati dlo ak yon pati klowòks, ou kapab itilize klowòks la tankou yon dezenfektan. Oubyen pandan yon ijans, ou kapab itilize li pou trete dlo ak 16 gout likid klowòks moun itilize nan kay pa yon galon dlo. Pa itilize klowòks ki pafime, pwoteje koulè oubyen klowòks yo ajoute savon ladan li.
- Aparèy pou Etenn Dife**
- Alimèt anndan yon bagay dlo pap ka mouye**
- Pwodwi pou fanm ak bagay pou lijèn pèsònèl**
- Kantin, gode ak asyèt an papye ak veso an plastik, sèvyèt an papye**
- Papye ak kreyon**
- Liv, jwèt, "puzzles" oubyen lòt aktivite pou timoun**



Prepare. Plan. Stay Informed.®



# Lis Atik Pou Ijans



# FEMA

[www.ready.gov](http://www.ready.gov)

## Atik yo Rekòmande Pou Mete nan yon Twous Pou Ijans de Baz:



**Dlo, yon galon dlo pa jou pou chak moun pou omwen twa jou, pou bwè ak fè swen lijèn**



**Manje, ase manje ki pap gate fasil pou omwen twa jou**



**Radyo ki mache ak pil oubyen avèk kout manivèl epi yon Radyo Meteyo NOAA ki genyen alèt pou ijans ak pil de rezèv pou yo de**



**Flach ak pil de rezèv**



**Twous premye swen**



**Souflèt pou siyale si ou bezwen sekou**



**Mask pou pousyè, pou ede filtre lè ki kontamine ak kouvèti an plastik ak riban adezif pou pran refij-sou-plas**



**Ti sèvyèt mouye, sak poubèl ak fisèl an plastik pou swen lijèn pèsònèl**



**Kle oubyen pens pou fèmèn sèvis piblik yo**



**Aparèy pou ouvri bwat manje (si twous la genyen manje an bwat)**



**Kat jewografik zòn lan**

### Avèk Kanpay *Ready* li a,

US Department of Homeland Security ap edike ak soutni ameriken yo pou yo franchi yon seri de etap senp pou yo ka prepare pou avèk reponn ak ijans ki kapab rive, tankou dezaz natirèl ak atak teworis yo. *Ready* mande chak moun pou fè twa bagay kle: genyen yon twous ki genyen atik pou ijans, prepare yon plan ijans pou fanmi, ak rete enfòm sou tout kalite ijans ki kapab rive avèk repons ki koresponn ak yo. Tout ameriken dwe genyen kèk atik de baz nan men yo pou yo kapab kontinye viv pou omwen twa jou si ta genyen yon ijans.

Sa yo se lis kèk bagay de baz ke chak twous atik pou ijans dwe genyen ladan li. Sepandan, li enpòtan ke chak moun revize lis sa a ak konsidere kote yo abite avèk bezwen ke fanmi pa yo sèlman genyen pou yo kapab kreye yon twous atik pou ijans ki pral satisfè bezwen sa yo. An plis chak moun dwe konsidere genyen omwen de twous atik pou ijans, yon twous konplè pou lakay yo ak yon twous pòtab ki pi piti nan travay, machin, oubyen lòt kote yo pase tan.



**Ready**

Prepare. Plan. Stay Informed.®



**FEMA**